

BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun salah sahiji pamarekan kuantitatif. Ari métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta kuasi ékspérimén.

Dina kuasi ékspérimén ieu nétélakeun yén kamekaran tina ékspérimén murni, nu hésé dilaksnakeun. Tina desain ieu miboga kelompok kontrol, tapi teu sakabéh bisa pikeun ngontrol variabel-variabel anu mangaruhan lumangsungna ékspérimén (Hikmawati, 2020).

Tabél 3. 1
Desain Panalungtikan

O1	X	O2
----	---	----

(Sugiyono, 2019)

Keterangan:

- O1 = Kamampuh dina pangajaran tatakrama basa Sunda saméméh ngagunakeun modél CTL (*pre-test*).
- O2 = Kamampuh dina pangajaran tatakrama basa Sunda sabada ngagunakeun modél CTL (*post-test*).
- X = Larapan modél CTL dina pangajaran tatakrama basa Sunda (*treatment*).

3.2 Sumber Data

Panalungtikan ieu dilaksanakeun di SMPN 15 Bandung nu alamatna di Jl. Dr. Setiabudi No. 89, Gegerkalong, Kec. Sukasari, Kota Bandung, Jawa Barat. anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa SMPN 15 Bandung taun ajar 2023/2024 anu jumlahna aya 31 siswa. Luyu jeung pamadegan Arikunto (2010) sumber data mangrupa subjék anu mana datana bisa dicangking.


Tabél 3. 2
Jumlah Siswa kelas VII-1

No	Jenis kelamin	Jumlah
1.	Siswa Lalaki	18

2.	Siswa Awéwé	13
Jumlah		31

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nya éta hal anu kudu dilaksanakeun ku panalungtik dina runtuyan hiji panalungtikan. Prosedur ieu ngagambarkeun léngkah-léngkah dimana bakal dilakukeun ku panalungtik tina métode kuasi ékspérimén kana modél CTL dina pangajaran tatakrama basa Sunda. Prosedur panalungtikan ieu ditétélakeun ieu di handap.



Bagan 3. 1 Prosedur Panalungtikan

Rendy Tresna Kusmana, 2024

MODEL CONTEXTUAL TEACHING AND LEARNING (CTL) DINA PANGAJARAN TATAKRAMA BASA SUNDA (STUDI KUASI ÉKSPERIMEN KA SISWA KELAS VII-1 SMPN 15 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

Sangkan leuwih jéntré, bagan prosedur atawa alur panalungtikan baris ditétélakeun dihandap.

Dina prosedur panalungtikan ieu ngagunakeun pamarekan kuantitatif jeung ngagunakeun studi kuasi ékspérimén di kelas VII-1 SMP Negeri 15 Bandung, hal anu jadi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta dina pangajaran tatakrama basa Sunda anu ngagunakeun modél CTL. Dina prosedur ieu dilakukeun saperti ieu dihandap :

- 1) Siswa dibéré tés awal kalawan ngeusian soal pikeun ngukur kamampuh pamahaman pangajaran tatakrama basa Sunda saméméh dibéré *treatment* modél pangajaran *Contextual Teaching & Learning*.
- 2) Sabada bérés tés awal siswa, panalungtik nataharkeun nu dibutuhkeun nalika diajar ngagunakeun *Contextual Teaching & Learning*.
- 3) Nepikeun matéri pangajaran tatakrama basa Sunda dina proses diajar kalawan ngalarapkeun modél pangajaran *Contextual Teaching & Learning* .
- 4) Sabada ngalaksanakeun *treatment* modél pangajaran *Contextual Teaching & Learning*, satuluyna ngayakeun tés ahir sacara ngeusian pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa dina pamahaman pangajaran tatakrama basa Sunda analisis data nu pamungkas kacindekan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nu dipaké nyaéta tés. Ieu hal dilakukeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda siswa, anu ngawengku dina tés kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél CTL jeung sanggeus ngagunakeun modél CTL. Tés mangrupa runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh intélégénsi, kamampuh atawa bakat anu dipiboga ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2010).

Tés panalungtikeun ieu dilaksanakeun sacara dua kali, anu kahiji (*pre-test*), nu kadua (*post-test*). Tés kahiji dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda saméméh aya perlakuan (*treatment*), ari tés nu

Rendy Tresna Kusmana, 2024

MODEL CONTEXTUAL TEACHING AND LEARNING (CTL) DINA PANGAJARAN TATAKRAMA
BASA SUNDA (STUDI KUASI ÉKSPERIMEN KA SISWA KELAS VII-1 SMPN 15 BANDUNG
TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

ahir dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda sanggeus aya perlakuan (*treatment*)

a. Kisi –kisi

Tabél 3. 3
Kisi –kisi Soal

Capaian Pembelajaran	Materi Pokok	Indikator Soal	Level Kognitif	Jumlah Soal	Nomor Soal	Bentuk Soal
Peserta didik mampu menganalisis dan mengevaluasi informasi atau pesan (perasaan, gagasan, pikiran, kehendak dan arahan) dengan topic tertentu dari beragam tipe teks (fiksi dan nonfiksi) yang di dengar atau dipirsanya, baik langsung maupun tidak langsung, dalam bentuk monolog, dialog dan gelar wicara	1. Teks paguneman 2. Tatakrama	Disajikan sebuah teks pernyataan ragam basa hormat. Peserta didik dapat mengidentifikasi tatakrama bahasa Sunda.	L3/C4	3	1, 2, 3	PG
		Disajikan sebuah teks pernyataan ragam basa hormat. Peserta didik dapat mengklasifikasi tingkatan kalimat tatakrama bahasa Sunda	L1/C2	2	4, 5	PG
		Disajikan sebuah teks pernyataan ragam basa hormat. Peserta didik dapat mengidentifikasi kalimat perintah	L3/C4	1	6	PG

Rendy Tresna Kusmana, 2024

MODEL CONTEXTUAL TEACHING AND LEARNING (CTL) DINA PANGAJARAN TATAKRAMA BASA SUNDA (STUDI KUASI ÉKSPERIMEN KA SISWA KELAS VII-1 SMPN 15 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

		tatakrama bahasa Sunda				
		Disajikan sebuah teks pernyataan ragam basa hormat. Peserta didik dapat menelaah kalimat tatakrama bahasa Sunda	L3/C4	1	7	PG
		Disajikan sebuah teks pernyataan ragam basa hormat. Peserta didik dapat memilih kalimat pertanyaan tatakrama bahasa Sunda.	L1/C1	1	8	PG
		Disajikan sebuah teks percakapan tatakrama bahasa Sunda. Peserta didik dapat menentukan UUBS dalam percakapan tatakrama bahasa Sunda.	L2/C3	2	9, 10	PG

b. Lambaran Tés

Soal *pre-test* jeung *post-test* saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél CTL.

Tabél 3. 4
Instrumén Panalungtikan

Wasta	:	
Kelas	:	
No. Absen	:	

Rendy Tresna Kusmana, 2024

MODEL CONTEXTUAL TEACHING AND LEARNING (CTL) DINA PANGAJARAN TATAKRAMA BASA SUNDA (STUDI KUASI ÉKSPERIMEN KA SISWA KELAS VII-1 SMPN 15 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- A. Pilihan Ganda
Pilih salasihiji jawaban anu pangbenerna.
1. Kamari kuring papanggih jeung bapa.
Ragam basa hormat di luhur anu bener nyaéta.....
 - a. Kamari abdi patepang sareng pun bapa
 - b. Kamari abdi patepung sareng pun bapa
 - c. Kamari abdi papendak sareng pun bapa
 - d. Kamari abdi paamprok sareng pun bapa
 2. Dupi bapa wangsul ti Bandung tabuh sabaraha?
Ragam basa hormat di luhur anu bener nyaéta.....
 - a. Dupi bapa balik ti Bandung tabuh sabaraha?
 - b. Dupi bapa mulang ti Bandung tabuh sabaraha?
 - c. Dupi bapa mulih ti Bandung tabuh sabaraha?
 - d. Dupi bapa wangsul ti Bandung tabuh sabaraha?
 3. Pun biang téh kaleresan nuju udur.
Ragam basa hormat di luhur anu bener nyaéta.....
 - a. Pun biang téh kaleresan nuju gering.
 - b. Pun biang téh kaleresan nuju sakit.
 - c. Pun biang téh kaleresan nuju teu ngareunah awak.
 - d. Pun biang téh kaleresan nuju teu damang.
 4. Upami balanjaan mah parantos di candak ku Bu Tina. “Ceuk Pak Acep ka Pak Endang”
Kalimah di luhur téh kaasup kana ragam basa?
 - a. Lemes keur sorangan
 - b. Lemes keur ka batur
 - c. Basa sedeng
 - d. Basa loma
 5. Kang iyan bade mésér buku basa Sunda di Palasari Bandung.
Kalimah di luhur téh kaasup kana ragam basa?
 - a. Lemes keur sorangan
 - b. Lemes keur ka batur
 - c. Basa sedeng
 - d. Basa loma
 6. Indungna nitah ijal meuli béas ka warung.
Kalimah paréntah nu merenah nu diucapkeun ku indungna ka ijal nyaéta:
 - a. Ijal pangmeulikeun béas ka warung
 - b. Ijal pangmésérkeun béas ka warung
 - c. Ijal pangngagaleuhkeun béas, jung
 - d. Jal pangbeulikeun béas atuh, ka warung
 7. Yana hayang daftar ka UPI Bandung.
Kalimah nu merenah nu diucapkeun ku yana ka bapana nyaéta:
 - a. Pa, Yana hayang asup ka UPI Bandung.
 - b. Yana téh hayang abus ka UPI Bandung.
 - c. Pa, Yana hoyong lebet ka UPI Bandung.
 - d. Yana téh hayang kuliah ka UPI Bandung.
 8. Pék pilih kalimah pananya anu merenah di handap ieu !
 - a. Ari bapa tos mios ka kantor téh?
 - b. Ari Budi iraha angkat ka Bandung téh?

Rendy Tresna Kusmana, 2024

*MODEL CONTEXTUAL TEACHING AND LEARNING (CTL) DINA PANGAJARAN TATAKRAMA
BASA SUNDA (STUDI KUASI ÉKSPERIMEN KA SISWA KELAS VII-1 SMPN 15 BANDUNG
TAUN AJAR 2023/2024)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- c. Pun biang téh janten indit ka pasar?
 d. Pun bapa téh janten miang ka Jakarta té?
9. Pak Edi : geus ti iraha paket teh?
 Ujang : kaleresan tos.....ti Kamari pak.
 Pék lengkepan kalimah di luhur!
- Dongkap sumping
 - Aya dongkap
 - Datang dongkap
 - Sumping cunduk
10. Udin : pak, pami ngagaleuh....di apoték mana?
 Pak Asep: di apoték Amira anu.....alfamart.
- Obat payuneun
 - Ubar
 - payuneun
 - Landong hareupeun
 - Landong depan

Tabél 3.5
Rubrik Meunteun

No	Aspék	Skor	Kritéria
1.	Tatakrama Ka saluhureun	0-1	Kurang : hampir eweuh jawaban anu bener
		2	Cukup : seutik jawaban bener
		3	Sedeng : jumlah jawaban bener jeung salah kurang leuwih hampir saimbang
		4	Hadé : loba jawaban anu bener
2.	Tatakrama Ka sorangan	0-1	Kurang : hampir eweuh jawaban anu bener
		2	Cukup : seutik jawaban bener
		3	Sedeng : jumlah jawaban bener jeung salah kurang leuwih hampir saimbang
		4	Hadé : loba jawaban anu bener
3.	Basa Loma	0	Kurang pisan : eweuh jawaban anu bener
		1	Sedeng : seutik jawaban bener
		2	Hadé : loba jawaban anu bener

Rendy Tresna Kusmana, 2024

MODEL CONTEXTUAL TEACHING AND LEARNING (CTL) DINA PANGAJARAN TATAKRAMA BASA SUNDA (STUDI KUASI ÉKSPERIMEN KA SISWA KELAS VII-1 SMPN 15 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik data anu dipaké pikeun ngumpulkeun data tina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun tés jeung angkét. Hal ieu pikeun ngalengkepan eusi data dina analisis data sarta ngukur tingkat pamahaman jeung matéri dina pangajaran.

Tés

Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta:

1. Siswa dibéré tés awal nyaéta soal pilihan ganda pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina maham pangajaran tatakrama basa Sunda saméméh dibéré *treatment* anu ngalarapkeun modél pangajaran CTL.
2. Sanggeus mikanyaho hasil tés awal siswa, tuluy nataharkeun anu dibutuhkeun nalika kagiatan diajar kalawan ngagunakeun modél CTL.
3. Nepikeun matéri tatakrama basa Sunda dina prosés diajar kalawan ngagunakeun modél CTL dina lumangsuna prosés pangajaran (*treatment*).
4. Sanggeus ngalaksanakeun *treatment* ngagunakeun modél CTL , tuluy ngayakeun tés ahir pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa dina pangajaran tatakrama basa Sunda.

3.6 Analisis Data

Analisis data dina kagiatan téh nya éta nganalisis sarta ngolah data nu geus dicangking tina hasil panalungtikan pikeun nyangking jawaban dina pasualan anu geus ditalungtik.

3.6.1 Téhnik Analisis Data

Analisis ieu data nyoko kana hasil *pre-test* jeung *post-test*. Data nu dicangking dina hasil *pre-test* jeung *post-test* tuluy dianalisis sangkan nyangking jawaban dina pasualan anu aya dina rumusan masalah. Aya sababaraha tahapan dina nganalisis data, dijéntrékeun ieu di handap.

- 1) Mariksa kamampuh siswa *pre-test* jeung *post-test* dumasar kana tilu aspék.

Rendy Tresna Kusmana, 2024

MODEL CONTEXTUAL TEACHING AND LEARNING (CTL) DINA PANGAJARAN TATAKRAMA BASA SUNDA (STUDI KUASI ÉKSPERIMEN KA SISWA KELAS VII-1 SMPN 15 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- 2) méré peunteun dumasar kamampuh pangaweruh siswa dina pangajaran tatakrama basa Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél CTL, ngagunakeun rumus di handap ieu.

$$\text{Peunteun} = \frac{\sum \text{Skor Siswa}}{\sum \text{Skor maksimal}} \times 100\%$$

Anapon peunteun anu geus diitung disaluyukeun kana skala peunteun pamahaman pangajaran tatakrama basa Sunda

Tabél 3. 5
Analisis Tatakrama Basa Sunda

No	Kategori	Peunteun
1.	Hadé Pisan	81-100
2.	Hadé	61-80
3.	Sedeng	41-60
4.	Kurang	21-40
5.	Kurang Pisan	1-20

- 3) ngasupkeun nilai *posttes* jeung *pretest* dina aspék kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda.

Tabél 3. 6
Format nilai

NAS	Aspék nu dipaluruh			Σ	P	K
	A	B	C			

Keterangan :

A : aspék sopan ka saluhureun

B : aspék sopan ka sorangan

C : loma

NAS : nomor absén siswa

Σ : jumlah

P : peunteun

K : katégori

Rendy Tresna Kusmana, 2024

MODEL CONTEXTUAL TEACHING AND LEARNING (CTL) DINA PANGAJARAN TATAKRAMA BASA SUNDA (STUDI KUASI ÉKSPERIMEN KA SISWA KELAS VII-1 SMPN 15 BANDUNG TAHUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- 4) Ngasupkeun data kana *M.S Excel 2013* jadi tabulasi data, sangkan katempo hasil siswa ngaronjat atawa henteu.
- 5) Satuluyna ngasupkeun data tina *M.S Excel 2013* kana aplikasi SPSS 26 pikeun uji sipat data, dina ieu panaluntikan bakal dilaksanakeun uji normalitas.
- 6) uji normalitas

Uji normalitas ieu pikeun nangtukeun sakabéh data miboga distribusi anu normal jeung teu normal. Statistika parametris ieu dipaké saupama dina unggal variabel anu rék dianalisis miboga distribusi anu normal.

Dina nangtukeun normal atawa henteuna distribusi data nu ditalungtik, bisa ngagunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov* dina aplikasi SPSS vérsi 26. Pikeun uji normalitas data dina panalungtikan saperti ieu dihandap.

H_0 : data miboga distribusi anu normal.

H_a : data miboga distribusi anu teu normal.

Taraf signifikan anu dipaké nya éta 5% (Sig. = > 0.05). Kritéria pikeun nguji saperti ieu dihandap.

- a) Upama nilai sig. = ≥ 0.05 , hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu normal.
- b) Upama nilai Sig. = < 0.05, hartina data anu ditalungtikan miboga distribusi anu teu normal.

7) hipotésis

Uji hipotésis anu dilakukeun pikeun nguji bebeneran hiji pernyataan sacara statistik, sarta nangtukeun ditarima atawa ditolakna hipotésis.

Upama dina data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data téh miboga distribusi data anu normal dina nguji hipotésis data, ngagunakeun statistika paramétris kalawan *t-test*, ari upama datana miboga distribusi nu teu normal ngagunakeun cara statistika *non-parametris* kalawan uji *Wilcoxon Macth Pair Test*.

Dina nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu dihandap.

- 1) H_0 (Hipotesis nol) : Teu aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Contextual Teaching and Learning* dina pangajaran tatakrama basa Sunda ka siswa kelas VII-1 SMPN 15 Bandung taun ajar 2023/2024.
- 2) H_a (Hipotesis alternatif) : aya bédana anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Contextual Teaching and Learning* dina pangajaran tatakrama basa Sunda ka siswa kelas VII-1 SMPN 15 Bandung taun ajar 2023/2024.

Kritéria :

Upama nilai signifikan (sig) ≥ 0.05 , H_0 ditarima atawa H_a ditolak.

Upama nilai signifikan (sig) < 0.05 , H_a ditarima atawa H_0 ditolak.

8) kacindekan

Dina hasil panalungtikan ieu ningalikeun yén modél CTL nangtukeun hasil anu ngaronjat atawa henteu, sarta bakal katingali hasilna aya bédana nu signifikan atawa henteu saméméh sarta sanggeus ngagunakeun modél CTL. Nu akhirnya bakal bisa nyindekkeun dina hasil panalungtikan ieu